

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran panalungtikan, bisa dicindekeun yén Tatakrama nya éta mangrupa adat atawa kabiasaan ti hiji kumpulan masarakat nu mibanda fungsi pikeun ngawujudkeun kahirupan manusa sangkan hirup tingtrim, akur jeung dulur, tur silih ajénan dina saban tingkah polah. Nyaritakeun tatakrama sarua jeung nyaritakeun kasadaran manusa pikeun ngabédakeun mana nu hadé jeung mana nu goréng. Sok sanajan unggal masarakat mibanda tatakrama nu béda, dina enas-enasna mah sarua baé tujuanna sangkan bisa hirup luyu jeung aturan atawa pakeman nu dianggap hadé pikeun tatanan sosial di éta tempat.

Aspék tatakrama masarakat sunda anu nyampak dina éta babasan jeung paribasa téh ngawé ngku:

a. Aspék tatakrama basa

Tatakrama basa mibanda hubungan jeung situasi tur kondisi komunikasi saurang manusa. Dina ieu hal tatakrama basa nandeskeun sangkan dina nyarita mitra tutur saéstuna merhatikeun unsur-unsur nu kalibet dina éta komunikasi. Dumasar kana hasil panalungtikan kapaluruh sababaraha unsur tatakrama basa kalawan ngawé ngku: 1) nuduhkeun cara saha nu nyarita téh, conto datana “*Agul ku payung butut*” (*Jalma nu taya kaboga tapi masih mindeng ngagul-ngagul diri kucara nyaritakeun manéhna turunan menak baheula*); 2) nuduhkeun cara nyarita kalawan tinimbangn jeung saha nyaritana, conto datana “*Kajeun pait heula amis tungtungna, manan amis heula pait tungtungna*” (*Leuwih hadé dicaritakeun banggana, tibatan dibibita ku piuntungeun*); 3) nuduhkeun cara nyarita ngeunaan naon nu dicaritakeuna, conto datana “*Kalapa bijil ti cungap*” (*nyaritakeun rusiah sorangan*); 4) nuduhkeun aspék tatakrama nyarita dumasar kana tempatna urang nyarita, conto datana “*Milu jabung tumalapung*” (*milu nyarita dina riungan*); 5) nuduhkeun iraha waktuna urang nyarita, conto datana “*haréwos bojong*” (*Omongan nu diharéwoskeun tapi kadéngé ku nu deukeut ka nu diharéwoskeun*); 6) nuduhkeun naon tujuanana urang nyarita, conto datana “*Hawara biwir*” (*Resep ngabéja-béjakeun perkara anu tacan tangtu bakal dilaksanakeun*); jeung 7) nuduhkeun cara nyarita kalawan tinimbangan situasina, conto datana “*Teu dididingding kelir*” (*Diceplakkeun satarabasna taya anu dipinding-pinding*). Dumasar kana data ieu panalungtikan, dina hal tatakrama basa kapaluruh aya 79 babasan jeung paribasa Sunda anu

nuduhkeun kumaha prakna nyarita sangkan mibanda ajén di lingkungan sosial kamasarakatan sakumaha anu jadi galeuh tina tatakrama basa.

b. Aspék tatakrama Kinétis

Nu dimaksud tatakrama *penampilan atawa kinétis* nya éta tatakrama anu ngatur réngkak polah urang nu aya hubunganana jeung géraak ragawi (kinésik). Dumasar kana hasil panalungtikan aya sababaraha babasan jeung paribasa anu nuduhkeun ieu aspék, di antrana: 1) cara di baju, conto data “*Adean ku kuda beureum*” (*Ginding ku banda batur/meunang nginjeum*); 2) cara dandan, conto datana “*Kawas careuh bulan*” (*diwedak kandel teuing*); 3) miara kasehatan, conto datana “*Kumios bangbara ngaliang*” (*bulu irung anu nyeseg*); 4) cara leumpang, conto datana: “*Lir macan teu nangan*” (*Leumpang ngaléng hoy atawa ngalanggéor*); 5) cara dahar, conto datana “*Dahar kawas meri*” (*Uprat-aprét jeung ngaréméh*); jeung cara-cara lainna nu nuduhkeun réngkak paripolah. Dina hasil panalungtikan katangen aya 102 babasan jeung paribasa anu nuduhkeun kuamaha hadé jeung goréngna urang dina mintonkeun géraak ragawi (kinétis) boh keur lingkungan pribadi boh keur masarakat umum

c. Aspék tatakrama Hubungan sosial

Gaul atawa campur gaul nya éta mangrupa kagiatan interaksi antara saurang jalma jeung jalma séjén. Dina éta kagiatan ngalibatkeun sababaraha unsur, boh unsur internal boh eksternal. Nu dimaksud unsur internal dina gaul nya éta unsur nu muncul tina diri pribadi kaasup basa, rasa, jeung pangawé ruh. Ari eksternal mangrupa pangaruh ti kaayaan mitra tutur, tempat, lingkungan, budaya sosial, jeung géografis. Tatakrama gaul anu nyampak dina dina babasan jeung paribasa Sunda téh ngawé ngku: 1) nuduhkeun cara gaul dumasar kana tempat dimana urang keur aya, contona nyampak dina data “*sereg di panto logor di liang jarum*” (*teu bisa gaul di kalangan jalma-jalma hadé lantaran loba dosa*); 2) nuduhkeun kumaha situasi kaayaan di sabudeureun urang, contona nyampak dina data “*Taya ka bau*” (*sagala daék, sagala beuki*) jeung 3) nuduhkeun cara gaul kalawan tinimbangan saha nu disanghareupan, contona aya dina data “*Ngajual jarum ka tukang gendong*” (*niat nipu ka jalma pinter*). Cindekna tina hasil maluruh data ieu panalungtikan téh tétéla aya 139 babasan jeung paribasa Sunda anu nuduhkeun aspék gaul.

Manusa salaku mahluk sosial mibanda makna teu bisa hirup sosoranganan (individualistis). Ku sabab kitu kudu aya interaksi sosial nu dilakonan ku manusa dina ngajalankeun hirup kumbuh sapopoé. Pagilinggisikna manusa dina kahirupan sosial merlukeun aturan-aturan nu tangtu sangkan bisa gaguluyur jeung teu ngarempak tatanan

kahirupan sosial nu aya. Tatakrama dina ieu hal geus ngawanti-wanti sangkan urang bisa miara jeung maké aturan hirup di masarakat kalawan éta aturan téh lumaku sacara konvensional. Dumasar kana analisis data kapaluruh aya 50 babasan jeung paribasa anu nuduhkeun aspék tatakrama sauyunan, di antarana anu nuduhkeun:

1) Kudu bisa nempatkeun diri jeung ngahormat diri pribadi;

Conto datana:

Ngijing sila béngkok sembah
Teu satia ka salaki atawa ka dunungan

2) Kudu bisa ngajénan ka jalma séjén;

Conto datana:

Nya ngagogog nya mantog
Nitah digawé ka batur bari prak ku sorangan

3) Kudu bisa nempatkeun diri pikeun kulawarga;

Contona datana:

Dikungkung teu diawur, dicancang teu diparaban
Dipihukum, tapi teu dibalanjaan, teu dicumponan kaperluanana (awéwé ku salakina)

4) Kudu bisa ngajénan ka sasama;

Conto datana:

Ciri sabumi cara sadésa
Adat kabiasaan di unggal nagara atawa daérah béda-béda

5) Kudu wijaksana ka lingkungan disabudeureunana;

Conto datana:

Tamplok batokeun
Loba teuing dibikeunan, dipaké babagi, ari sorangan teu kabagian

6) Kudu bisa mutuskeun hiji perkara saadil-adilna;

Conto datana:

Bobot pangayon timbang taraju
Pangadilan, timbangan nu adil

7) Kudu bisa ngawangun sikep sauyunan atawa gotong royong;

Conto datana:

Sabobot sapihanéan sabata sarimbangan
Hirup akur, runtut-raut; sakasuka sakaduka

8) Teu meunang ngeukeuhan diri dina kalakuan nu goréng;

Ngukur baju sesereg awak

Hirup hayang nyorangan, dina papait dina mamans teu daék pacorok jeung batur

Hubungan antar aspek tatakrama

Sarengsena dianalisis dumasar kana makna nu nyamuni dina unggal babasan jeung paribasa, tetela sacara umum babasan jeung paribasa anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan mibanda unsur-unsur ajén tatakrama anu sarua nyampak dina sakabéh aspék tatakrama. Unsur-unsur anu dimaksud téh nya éta nuduhkeun cara saurang jalma pikeun bisa nempatkeun dirina dina raraga ngawangun komunikasi sosial. Dumasar kana eta hal, dicindekeun yen eta unsur teh diwangun jadi hiji pola kalawan make istilah nu tangtu nu dianggap bisa ngawakilan ajén-inajén nu nyampak dina babasan jeung paribasa. Anapon istilah nu dimaksud nya eta ngawengku wiwaha, wibawa, wirasa, wirahma, jeung wiraga. Cindekna, éta unsur-unsur téh bisa jadi pola tatakrama sacara umum pikeun masarakat Sunda sacara utuh nu mangrupa sistem tatakrama masarakat Sunda.

Munculna eta pola tatakrama teh tangtu mibanda alesan-alesan, salahsahiji alesan nu bisa dipaké dasarna nya éta hasil analisis ieu panalungtikan anu nuduhkeun ayana hubungan antara tilu aspék tatakrama jeung lima unsur nu nyampak dina éta pola. Dina aspek basa nyampak unsur kawiwahaan, pon kitu deui dina aspek kinetis jeung hubungan sosial.

1.2 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur kalintang jéntréna yén babasan jeung paribasa Sunda téh éstu mibanda ajén inajén kahirupan sosial nu mangrupa budaya linuhung masarakat Sunda. Dina babasan jeung paribasa éstu nembrak ajén inajén tatakrama kahirupan sosial masarakat nu kiwari jadi panitén balaréa lantaran ayana anggapan yén étika masarakat mimiti nyirorot. Ku sabab kitu, panalungtik miboga saran pikeun nu maca ieu hasil panalungtikan téh saperti dipboh pedar ieu di handap:

- a) Kudu aya kasapukan sacara kolektip (ragem), yén babasan jeung paribasa téh mangrupa budaya masarakat Sunda anu mibanda ajén inajén tatakrama Sunda, kalawan éta ajén kudu dipiara sarta dimekarkeun kasakumna masarakat (sunda);
- b) Péran lembaga boh pamarentah boh di luar pamarentah kudu boga panitén husus kana masalah tatakrama masarakat Sunda kalawan babasan jeung paribasa bisa dijadikeun salahsahiji rujukanana;
- c) Keur dina widang atikan leuwih hadé ngajarkeun babasan jeung paribasa Sunda lain ngansaukur nepikeun materi sacara teoritis, tapi leuwih hadé dipedar ajénna jeung dipraktekeun prak-prakan dina wangun étika atawa tatakrama sapopoé;

- d) Dianggap perlu ayana panalungtikan séjén ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda pikeun ngeuyeuban hasil panalungtikan saméméhna. Salian ti éta ogé pikeun ngajeroan ajén-inajaen budaya sacara umum;
- e) Tatakrama kudu jadi salahsahiji materi unggulan pangajaran budi pekerti berbasis kearipan lokal di sakola-sakola di Jawa barat. Ku jalan kitu générasi Sunda kiwari moal rék leungiteun identitas dirina salaku bangsa anu miboga ajén budaya.

DAFTAR PUSTAKA

- Alwasilah, A. Chaedar. (1993). *Pengantar Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Arikunto, Suharsimi. (2010). *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. (2005). *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta
- Danadibrata, R.A. (2006). *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat Buku Utama.
- Danandjaja. (2007). *Foklor Indonesia*. Jakarta: PT Pustaka Utama Grafiti
- Djundjuran, Popong Otje. (2011). *Etika jeung Tatakrama Sunda*. Bandung: Sonagar press
- Ekadjati, Suhardi Edi. (1984). *Masyarakat Sunda dan Kebudayaanannya*. Jakarta: Girmukti Pustaka
- Fraenkel & Wallen. (1993). *How to Design An Evaluate Research in Eduaction*. New York: Me Grow-Hill, inc.
- Ganda Sudirdja, R.M. (1977). *700 Paribasa Sunda*. Bandung: Firma Ekonomi
- Nababan. (1984). *Sosiolinguistik suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia
- Nababan. (1988). *Psikolinguistik suatu pengantar*. Jakarta: Depdikbud
- Prawirasumantri, Abud. SPk. (1990). *Kamekaran, Adegan, jeung Kandaga kecap Basa Sunda*. Bandung: CV. Geger Sunten
- Rachim, Enny. (1987). *Etiket dan Pergaulan*. Jakarta: PT.Karya Nusantara
- Sudaryat, Yayat. (1991). *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: CV. Geger Sunten.
- Sudaryat, Yayat. (1997). *Ulikan Semantik Sunda Pangdeudeul Pangajaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten
- Sudaryat, Yayat. (2015). *Wawasan Kesundaan*. Bandung: JPBD FPBS UPI
- Suryalaga, Hidayat R.H.. (2009). *Kasundaan Rawayan Jati*. Bandung: Yayasan Nur Hidayah
- Suwito. (1983). *Pengantar Awal Sosiolinguistik Teori dan Problem*. Surakarta: Fakultas Sastra Universitas Sebelas Maret
- Tamsyah, Budi Rahayu. (1994). *1000 Babasan Jeung Paribasa Sunda*. Bandung: Pustaka Setia.
- Magnis, Franz von (1985). *Etika Umum*. Yogyakarta: Kanisius.

Warnaen. (1987). *Pandangan Hidup Orang Sunda Seperti Tercermin dalam Tradisi Lisan dan Sastra Sunda*. Bandung: Dikti-Depdikbud

Yudibrata, Karna, SPk. (1984). *Bagbagan makena basa*. Bandung: CV. Geger Sunten